



Pwogram Enstriksyon Vityèl (VIP)

Peryòd pou Enskripsyon ap ouvè pou elèv a plen tan
soti 8 avril 2019 pou rive 6 out 2019 pou premye
trimès ane eskolè 2019-2020 an.

Pwogram Enstriksyon Vizyèl (VIP) ofri elèv ki kalifye e ki genyen gwo kalite, enstriksyon sou entènèt a plen tan oubyen a tan payèl, sou 180 jou pou klas K-12èm ane. Tout enstriktè yo se pwofesè ki sètifye nan Florida epi se kontribitè ki apwouve yo kontrakte, ki anplwaye yo.

Si ou enterese nan pwogram **A TAN PASYÈL LA**, tanpri ale chita pale ak konsye lekòl elèv la.

Kontakte Nou!

Pou plis enfòmasyon oubyen pou enskri pitit ou nan pwogram a **PLEN TAN AN**, ou kapab kontakte: Lisa Garby nan Sant Edikasyon Altènatif la
Telefòn: 239-377-1056 Fax: 239-377-1051 OSWA
E-mail: GarbyLi@collierschools.com

Si pitit ou kapab di “wi” pou chak nan deklarasyon ki pi ba yo, alò lekòl vityèl kapab se vrè chwa pou pitit ou.

- Lè mwen pran an konsiderasyon aktivite pèsònèl mwen, travay akademik mwen, ak aktivite ekstra yo (klèb, espò, etc.), mwen pral ka devwe menm oubyen plis kantite tan mwen kapab pou klas mwen ap pran sou entènèt yo, jan m te konn fè sa pou etid tradisyonèl yo.
- Mwen konfòtab pou m itilize entènèt kòm yon mwayen pou fè kominikasyon ak rechèch.
- Mwen ap kapab aprann epi aplike nouvo aplikasyon lojisyèl.
- M ka priyorize travay mwen, òganize devwa m, epi konplete devwa yo ban m fè yo avan delè a rive.
- Mwen kwè ke lekti mwen, ekriti, ak abilite kominikasyon mwen rive nan mwayèn oubyen depase li.
- Mwen prefere travay pou kont mwen nan devwa yo.
- Mwen aprann pi byen lè mwen li direksyon yo, olye pou yon enstititè ekspoze kou a epi ban mwen eksplikasyon vèbal.

Elèv ki **enskri nan Lekòl Vityèl a Plen Tan yo** kalifye pou resevwa yon òdinatè, ekran monitè, enpriman ak/oubyen ranbousman pou sèvis entènèt si yon elèv kalifye pou resevwa manje gratis oubyen a pri redwi nan lekòl la anba Atik Lwa Nasyonal sou Nouriti nan Lekòl yo, oubyen si li nan lis sètifikasyon dirèk la (pou sèvis ki enkli, men ki pa limite a sa sèlman, food stamps, Medicaid, byenèt, chomaj, elatriye.)

Spanish: Padres, favor de visitar a:
<http://www.collierschools.com/domain/193> para las versiones de este documento en español y Creole.

Paran: vizite <http://www.collierschools.com/domain/193> pou jwenn vèsyon dokiman sa a nan lang Espanyòl ak Kreyòl.